



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY FÒS ENTÈVANSYON SOU KRIM RAYISAB YO LÒD FÈ
ENVESTIGASYON SOU GRAFITI KONT JWIF YO NAN UNION TEMPLE
NAN BROOKLYN**

“Mwen degoute devan grafiti kont jwif yo jwenn nan yon lye kilt nan Brooklyn. Nan yon tan kote nasyon an toujou anba chòk atak nan sinagòg Tree of Life la nan Pittsburgh, Nouyòkè yo kanpe nan tèt ansanm avèk kominote jwif la ak kont rayizans sou tout fòm li yo.

Nan New York, nou gen zewo tolerans pou diskriminasyon nan lwa nou yo ak nan lespri nou. Mwen bay Fòs Entèvansyon sou Krim Rayisab Eta a (State’s Hate Crimes Task Force) lòd pou li fè investigasyon sou zak makawon sa a epi pou li fè moun ki responsab yo sibi tout konsekans lalwa prevwa yo.

Antanke Gouvènè, m ap fè tout sa ki nan pouvwa mwen tou pou garanti enstitisyon relijye nou yo pa gen ni vyolans ni entolerans. Semèn sa a, nou [te anonse](#) lansman yon lòt pwogram sibvansyon 10 milyon dola pou ede pwoteje lekòl ak sant kiltirèl ki pa piblik yo nan New York, tankou paregzanp enstitisyon relijye yo.

Retorik malouk ak vyolans abominab nan nasyon sa a atenn yon nivo maksimòm epi ap dechire Etazini, sa dwe sispann. Nan New York, nou kreye kominote gras a pwen komen epi n ap toujou kanpe ansanm kont rayizans ak diskriminasyon”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)